

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan (1) desain panalungtikan, (2) sumber data panalungtikan, (3) prosedur panalungtikan, (4) instrumén panalungtikan, (5) téhnik ngumpulkeun data, (6) téhnik analisis data.

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif, nu mangrupa métode-métode pikeun nguji tiori-tiori ku cara nalungtik hubungan antar variabel. Variabel-variabel biasana diukur ku instrumén panalungtikan nepika data nu mangrupa angka-angka bisa dianalisi dumasar kana prosédur-prosédur statistik (Kusumastuti, Khoiron & Achmadi, 2020, kc. 5). Métode anu digunakeun nyaéta métode kuasi ékspérimen, atawa métodé ékspérimen nu dimana dilaksanakeun sakur di kelas ékspérimén hungkul teu maké kelas kontrol.

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 123) aya tilu desain kuasi ékspérimén, di antarana *one shot case study*, *one-group pretest-posttest design*, jeung *static group comparison*. Anapon desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *one-group pretest-posttest design*. Ieu desain bisa digambarkeun saperti dina tabél dihandap.

Tabel 3. 1
Desain Panalungtikan

O1	X	O2
<i>Pretest</i>	<i>Treatment</i>	<i>Posttest</i>

Katerangan:

- O1 : *pretest* (tés saméméh ngagunakeun modél NHT binarung Média Gambar Peristiwa)
X : *treatment* (perlakuan ngagunakeun modél NHT binarung Média Gambar Peristiwa)
O2 : *posttest* (tés sanggeus ngagunakeun modél NHT binarung Média Gambar Peristiwa)

(Arikunto, 2013 kc. 124)

Dina panalungtikan ieu ngagunakeun desain *one-group pretest-posttest design* tés dilaksanakeun lobana dua kali, nyaéta saméméh dibéré perlakuan anu disebut *pretest* (O₁), jeung sanggeus dibéré perlakuan anu disebut *posttest* (O₂). Perlakuan di dieu maksudna modél pangajaran *Numbered Head Together* binarung Média Gambar Peristiwa. Dilaksanakeun O₁ atawa *pretest* tujuanna pikeun mikanyaho

kamampuh awal siswa dina nulis warta saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Head Together* binarung Média Gambar Peristiwa. Sedengkeun O_2 atawa posttest dilaksanakeun tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa dina nulis warta sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Head Together* binarung Média Gambar Peristiwa. Bébédan antara O_1 jeung O_2 nyaéta $O_2 - O_1$ diasumsikeun mangrupa pangaruh dina *treatment* perlakuan.

3.2 Sumber Data


Sumber data nyaéta subjék anu ditalungtik pikeun nyangking data. Anapon sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas Fase F di SMA Angkasa Bandung. Ari data anu diolahna mangrupa hasil nulis warta siswa Fase F XI A SMA Angkasa Bandung taun ajaran 2023/2024 saméméh jeung sabada maké model *Numbered Heads Together* (NHT). Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap tabélina.

Tabel 3. 2
Sumber Data Panalungtikan

Kelas	Jenis Kelamin	Jumlah
XI-A	Awéwé	22
	Lalaki	11
Jumlah		33

3.3 Prosédur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, titénan bagan prosedur panalungtikan ieu dihandap.



Bagan 3. 1
Prosedur Panalungtikan

1. Tahap Tatahar

Dina tahap ieu kagiatan dilaksanakeun dina panalungtikan widang atikan hususna nu ditujukeun pikeun nyusun skripsi nyaéta

- a. ngajukeun judul panalungtikan
- b. nyusun proposal panalungtikan
- c. ngalaksanakeun Seminar Proposal
- d. ngrevisi proposal panalungtikan dumasar hasil seminar proposal
- e. ngurus izin pikeun ngalaksanakeun panalungtikan
- f. nangtukeun populasi jeung sampel atawa subyék panalungtikan di sakola nu ditujukeun
- g. nyieun instrumen panalungtikan jeung bahan ajar nu rék dipaké ngalaksanakeun panalungtikan ka sakola SMA Angkasa Bandung ngeunaan “Modél Numbered Heads Together (NHT) dina Pangajaran nulis warta (Studi Kuasi ékperimén siswa kelas XI-A SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2023/2024)”
- h. nguji coba instrumen panalungtikan
- i. nganalisis jeung ngaévaluasi hasil uji coba instrumén

2. Tahap Pelaksanaan

Dina ieu tahap kadua kagiatan nu dilakukeun nyaéta

- a. ngalaksanakeun tés awal
- b. ngalaksanakeun treatment
- c. ngumpulkeun data ngaliwatan tés ahir

3. Tahap Nganalisis data

Dina ieu tahap katilu kagiatan nu dilakukeun diantara nyaéta

- a. ngolah data hasil panalungtikan ngagunakeun téhnik statistik ku ngadéskripsikeun data nu geus dikumpulkeun
- b. nganalisis data, ngainterpretasikeun hasil olah data
- c. ngadéskripsikeun hasil temuan dilapangan nu patali jeung variabelé panalungtikan

Dina ieu prosedur panalungtikan, anu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nyaéta ngagunakeun tés. Tés dilakukeun pikeun nyangking

data hasil nulis warta siswa, ngawengku tés awal jeung tés ahir. *Pre-tést* minangka tés pikeun nyangking data hasil nulis warta siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together* (NHT) Binarung Média Gambar peristiwa , sedengkeun *post-tést* minangka tés pikeun nyangking data hasil nulis siswa sanggeus di perlakuan nyaéta ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together* (NHT) Binarung Média Gambar Peristiwa.

4. Kacindekan

Dina ieu tahap kaopat kagiatan ieu nu dilakukeun nyaéta

- a. narik kacindekan tina panalungtikan nu dilakukeun ku ngajawab rumusan masalah dina panalungtikan dumasar hasil analisis data jeung temuan salila panalungtikan
- b. méré saran rekomendasi ka pihak-pihak anu patali jeung hasil éta panalungtikan
- c. nyusun laporan panalungtikan

3.4 Instrumén Panalungtikan

Dina prinsipna, nalungtik téh hartina ngukur hiji atawa variabel nu geus ditangtukeun pikeun diukur. Ku kituna, dina panalungtikan tangtuna ngabutuhkeun instrumén minangka alat ukur dina ngalaksanakeun panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203) instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih cermat, lengkep, jeung sistématis sangkan leuwih gampang diolah.

Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tés. Lembar tés nyaéta alat atawa prosedur nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina nulis warta siswa anu ngawengku *pre-test* jeung *posttest*. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 193) nétélakeun yén tés téh nyaéta runtuyan patalékan atawa latihan sarta alat séjén nu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh intélegensi, kamampuh atawa bakat nu dipiboga ku hiji jalma atawa kelompok. Wangun téks objéktif anu

digunakeun mangrupa soal tést tulis anu mangrupa soal tést tulis anu mangrupa pananya ngeunaan kategori dina kamampuh nulis warta. Tés dilakukeun dua kali nyaéta saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together (NHT)* (*pretest*) Binarung Média Gambar Peristiwa jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together (NHT)* Binarung Média Gambar Peristiwa (*posttest*). Ieu di handap mangrupa soal tést Nulis Warta saméméh jeung sabada ngagunakeun Modél *Numbered Head Together (NHT)* binarung Média Gambar Peristiwa.

Tabel 3. 3
Instrumén Pre-test jeung Post-test

LEMBAR TÉS NULIS WARTA	
Wasta	:
No Absén	:
Kelas	:
<ol style="list-style-type: none"> 1. Pilih salah sahiji topik warta, anu pilihanna: <ol style="list-style-type: none"> a) Festival Band antar SMP Kota Bandung & Kota Cimahi 2024 b) Banjir di Kota Bandung c) Braga Bebas Kendaraan (Braga Free Vehicle) 2. Pék jieun warta nu eusina topik kalawan niténan sababaraha aspék nyaéta unsur warta nu ngawengku 5W + 1H, jeung kaidah warta nu séjénna. Eusi warta teu kurang ti tilu paragraf! 	

Salian ti instrumén panalungtikan, aya ogé instrumén média gambar peristiwa nu mangrupa média pikeun mantuan siswa nalika migawe tést tulis warta dina postés. Média gambar peristiwa nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

- (a) Festival Band antar SMP Kota Bandung & Kota Cimahi 2024
- (b) Banjir di Kota Bandung
- (c) Braga Bebas Kendaraan (Braga Free Vehicle)

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téknik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téknik tés. Tés nyaéta runtuyan patalékan atawa latihan atawa alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi jeung kamampuh, atawa bakat nu aya dina diri individu atawa kelompok (Misbahudin, Iqbal Hasan, 2013). Téknik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis warta siswa ngawengku judul warta, eusi warta (5W+1H), struktur organisasi warta, éjahan, jeung diksi. Téknik tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngumpulkeun data anu baris dianalisis ngeunaan modél *Numbered Heads Together* (NHT) binarung Média Gambar Peristiwa dina pangajaran nulis warta.

Téknik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikana téh ngaliwatan sababaraha tahap nyaéta

- a. siswa dibéré tés awal pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina pangaweruh kamampuh nulis warta.
- b. sabada mikanyaho hasil tés awal siswa, panalungtik nataharkeun naon waé nu dibutuhkeun nalika prosés diajar ngajar kalawan ngagunakeun modél *Numbered Heads Together* (NHT) Binarung Média Gambar peristiwa.
- c. nepikeun matéri warta dina prosés diajar ngajar kalawan ngalarapkeun modél *Numbered Heads Together* (NHT) binarung Média Gambar Peristiwa dina lumangsungna prosés pangajaran. Ieu kagiatan disebut treatment (perlakuan).
- d. sanggeus ngalaksanakeun treatment ngagunakeun modél *Numbered Heads Together* (NHT), satuluyna diayakeun tés ahir pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa dina nulis warta.

3.6 Téhnik Analisis Data

Téknik analisis data nyaéta langkah satuluyna sanggeus panalungtik nyangking data tina hasil *pretest* jeung *posttest*. Sanggeus data dibeunangkeun léngkah satuluyna nyaéta bakal menteun hasil tés dumasar kana aspék-aspék nu dipeunteunna, tuluy hasil data tina kamampuh saméméh jeung sanggeus diolah pikeun néangan jawaban tina masalah ieu panalungtikan.

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh *pretest* jeung data hasil kamampuh *posttest*.

- 1) Pedoman meunteun nulis warta

Tabel 3. 4
Pedoman Menteun Nulis Warta

No. Absén	Aspék Penilaian					P	Katégori
	A	B	C	D	E		

(dina Chaer, 2010. kc. 17, 20-29,49,69,78,97 kalawan diropéa)

Keterangan :

Absen : Nomer urut siswa

A : Judul Warta

B : Eusi (5W+1H)

C : Éjahan

D : Diksi

E : Struktur Tulisan

Σ : Jumlah Skor

P : Peunteun

Kategori :

- a) Aspék A rata-rata Skor (10-13) judul warta kurang hadé, (14-17) Judul warta hadé luyu jeung eusi warta, (18-20) Judul warta hadé pisan luyu jeung eusi warta sarta spesifik
- b) Aspék B rata-rata skor (10-13) eusi warta kurang hadé, (14-17) Eusi warta hadé (18-20) Eusi warta hadé pisan, bisa mekarkeun ide carita.
- c) Aspék C rata-rata skor (10-13) Kurang Pisan, teu ngawasa aturan penulisan, loba salah dina éjahanna, tulisan teu kabaca, (14-17) Hadé, geus ngawasa aturan penulisan, ngan aya sababaraha kasalahan tanda baca, (18-20) Hadé pisan, ngawasa aturan penulisan, geus merenah.
- d) Aspék D rata-rata skor (10-13) Kurang hadé, pilihan kecap kurang bener, 14-17) Hadé, diksi luyu tapi aya sababaraha kasalahan, (18-20) Hadé pisan, pilihan kecap ngirut (18-20)

- e) Aspék E rata-rata skor (10-13) Kurang hadé, tulisan teu nyumponan struktur (14-17) Hadé, nyumponan struktur tapi aya kakurangan, (18-20) Hadé Pisan nyumponan struktur runtuy jeung jelas.
- 2) Méré peunteun kana hasil tés kamampuh saméméh (*pretest*) jeung kamampuh sanggeus (*posttest*) dina pangajaran nulis warta ngagunakeun rumus ieu dihandap :

$$P = \frac{\text{Skor Nu Kahontal}}{\text{Skor Maksimal}} \times 100$$

Keterangan:

KKM : 75

Peunteun Maksimal : 100

Katégori

- a) Ngasupkeun peunteun kana tabel ieu dihandap

Tabel 3. 5
Pedoman Menteun Nulis Warta

No	Aspék Penilaian	Skala Skor	Kriteria	Skor
1	Judul Warta	Judul warta na kurang hadé (10-13) Judul warta hadé luyu jeung eusi warta (14-17) Judul warta hadé pisan luyu jeung eusi warta sarta spesifik (18-20)	10-20	
2	Eusi (5W+1H)	Eusi warta kurang hadé (10-13) Eusi warta hadé (14-17) Eusi warta hadé pisan, bisa mekarkeun ide carita (18-20)	10-20	
3	Éjahan	Kurang Pisan, teu ngawasa aturan penulisan, loba salah dina éjahanna, tulisan teu kabaca (10-13) Hadé, geus ngawasa aturan penulisan, ngan aya sababaraha kasalahan tanda baca (14-17) Hadé pisan, ngawasa aturan penulisan, geus merenah (18-20)	10-20	100

Rantri Triyanti, 2024

MODÉL NUMBERED HEADS TOGETHER (NHT) BINARUNG MÉDIA GAMBAR PERISTIWA DINA PANGAJARAN NULIS WARTA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Aspék Penilaian	Skala Skor	Kriteria	Skor
4	Diksi	Kurang hadé, pilihan kecap kurang bener (10-13) Hadé, diksi luyu tapi aya sababaraha kasalahan (14-17) Hadé pisan, pilihan kecap ngirut (18-20)	10-20	
5	Struktur Warta	Kurang hadé, tulisan teu nyumponan struktur (10-13) Hadé, nyumponanan struktur tapi aya kakurangan (14-17) Hadé Pisan nyumponan struktur runtuy jeung jelas (18-20)	10-20	
Jumlah Skor				

(dina Chaer, 2010. kc. 17, 20-29,49,69,78,97 kalawan diropéa)

3.7 Uji Sipat Data

Dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara maké program SPSS. Nurutkeun Basuki (2015, kc. 3) Spss nyaéta hiji program aplikasi nu miboga kamampuh nganalisis statistik sarta sistém manajemen data dina lingkungan grafis ku cara ngagunakeun menu-menu déskriptif jeung kotak-kotak dialog nu basajan nepika gampang dicangking dina cara ngoperasikeunna. Salahsahijina ngagunakeun spss téh dina uji sipat data. Sabada ngumpulkeun data jeung nganalisis data, tuluy ngalaksanakeun uji sipat data ku cara uji normalitas jeung uji hipotésis ngagunakeun program SPSS *versi 26*. Anapon cara na saperti ieu di handap.

3.7.1 Uji Normalitas

Pikeun nyangking hasil distribusi normal atawa henteuna data anu dipaké dina ieu panalungtikan, dilakukeun uji normalitas ku cara ngagunakeun uji Shapiro-Wilk (SW). Anapon hipotésis pikeun uji normalitas dipedar di handap.

Ho : distribusi data normal

Ha : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji Shapiro-Wilk, Kriteria ngujina dipedar saperti ieu dihandap.

Ho ditarima atawa Ha ditolak, nalika sig (signifikansi) $\geq 0,05$

Ha ditarima atawa Ho ditolak, nalika sig (signifikansi) $< 0,05$

3.7.2 Uji Hipotésis

Saupama dina data hasil uji normalitas nuduhkeun kana distribusi data teu normal, maka dina nguji data hipotésis ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun uji t-tes. Ari statistik non parametris digunakeun saupama data hasil uji normal nuduhkeun distribusi data teu normal kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

Ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kriteria ieu di handap.

Ha (Hipotésis Alternatif) : Aya béda signifikan antara kamampuh nulis warta sabada dilarapkeunna modél *Numbered Head Together* (NHT) binarung Média Gambar Peristiwa ka siswa Fase F XI A SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2023/2024.

Ho (Hipotésis Nol) : Teu aya béda signifikan antara kamampuh nuli warta saméméh dilarapkeunna modél *Numbered Head Together* (NHT) binarung Média Gambar Peristiwa ka siswa Fase F XI A SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2023/2024.